

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar udagan kasang tukang ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadeskripsikeun struktur novél ngagunakeun tiori Robert Stanton, anu ngawengku téma jeung fakta carita (galur, latar, palaku). Objék dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Baruang ka nu Ngarora* karya D.K Ardiwinata jeung novél *Siti Nurbaya* karya marah Rusli.

Novél *Baruang ka nu Ngarora* nyaritakeun ngeunaan runtagna kisah cinta Nyimas Rapih jeung Ujang Kusén ku sabab masalah ékonomi. Kacaritakeun dina ieu novél Nyi Rapih jeung Ujang Kusén téh kawin tapi Nyi Rapih masih kagoda ku Aom Usman, salah saurang putra ménak. Aom Usman nepi ka nitah panglayar pikeun ngajodokeun manéhna jeung Nyi Rapih. Sagala cara ku manéhna dilakonan asal bisa ngahiji. Nyi Rapih diolo ku Abdullah, utusan Aom Usman, sangkan minggat ka dayeuh. Di dayeuh maranéhna patepung. Teu lila ti kajadian éta Nyi Rapih jeung Ujang Kusén papisah, tuluy kawin jeung Aom Usman. Sanggeus papisah kalakuan Ujang Kusén jadi goréng adat, remen judi sarta lacur ka awéwé.

Novél *Siti Nurbaya* nyaritakeun runtagna kisah cinta Samsulbahri jeung Siti Nurbaya alatan kapaksa kawin demi mélaan bapana anu kajiret hutang. Kacaritakeun dina ieu novél Sitti Nurbaya jeung Samsulbahri geus wawuh ti keur leutik kénéh, maranéhna téh imahna pagigir-gigir jeung geus dianggap kulawargana. Samsu mimiti ngedalkeun rasa cintana ka Nurbaya saméméh indit ka Jakarta, pikeun nuluykeun sakolana. Masalah dimimitian ku Baginda Sulaiman nu nginjeum duit ka Datuk Meringgih, bari teu sabggup mayar. Antukna Sitti Nurbaya kapaksa kudu kawin ka Datuk Meringgih minangka pamayar hutang bapana. Salila dipihukum ku Datuk Meringgih, Sitti Nurbaya remen meunang panyiksa tur teu diurus. Alatan kitu, Sitti Nurbaya ngarasa teu kuat, ahirna ménta pirak. Tapi Datuk Meringgih teu mikeun, malah karah nitah nitah anak buahna pikeun ngaracun Nurbaya, nepika Nurbaya tinemu jeung ajalna. Ngadéngé Nurbaya nemahan pati, ahirna Samsulbahri ogé maéhan manéh. Tapi gagal kaburu katulungan. Saterusna manéhna jadi tangtara, nepika derna bégalan pati jeung Datuk Meringgih. Ahirna

Samsulbahri kasorang, nemahan pati diprangprangan, kitu deui Datuk Meringgih perlaya sapada harita.

Antara carita novél *Baruang ka nu Ngarora* jeung novél *Siti Nurbaya* miboga sababaraha sasaruuan, di antarana galurna sarua galur mérélé, kitu deui lebah tokohna, tina lima tokoh carita anu kawilang mirip miboga sasaruuan lebah sipat, rupa jeung réaksi kana kajadian. Latarna ogé nya kitu kénéh aya sababaraha sasaruuan salahsahijina sarua dina mangsa kolonian Walanda, sanajan lebah latar budaya mah miboga bébédaan anu teges, dina NBKN ngandung latar budaya Sunda sedengkeun dina NSN mah ngagunakeun latar adat Malayu. Lebah téma dua novél ieu gé miboga sasaruuan nyaéta midangkeun téma sosial nu di jerona dibungkus ku konflik asmara jeung ékonomi. Dumasar motif indeks nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta ti Stith Thompson, katitén dina ieu novél téh ukur nyangkaruk genep motif indeks nyaéta motif *magic*, motif *society*, motif *humor*, motif *tabu*, motif *chance and fate*, motif *captives and fugitives*. Anapon disawang dina sub-motifna, dua novél ieu téh miboga bébédaan ari dina NSN mah nyangkaruk leuwih loba sub-motif. Dina NBKN ukur ngandung lima sub-motif, sedengkeun dina NSN ngandung dalapan sub-motif. Tina sababaraha motif indeks éta kapaluruh dua motif indeks anu sarua nyaéta motif *magic* jeung motif *captives and fugitives*.

## 5.2 Implikasi

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep miboga implikasi anu hadé. Pikeun panalungtikan, bisa dipaké ngeuyeuban pangaweruh khasanah kasusastraan Sunda, hususna ngeunaan novél jeung sastra bandingan. Pikeun masarakat, bisa bisa dijadikeun bahan bacaan enggoning nambahan pangaweruh ngeunaan novél Sunda jeung babandinganana. Pikeun mahasiswa, bisa dijadikeun rujukan dina nalaah novél Sunda jeung Sastra bandingan.

## 5.3 Rékoméndasi

Dipiharep hasil ieu panalungtikan téh aya guna jeung mangfaatna, sanajan masih miboga kahéngkérana. Ka hareupna dipiharep jeung dirékoméndasikeun sangkan ieu panalungtikan téh bisa dimekarkeun deui, malah diuwuh dijadikeun bahan pangajaran di sakola.